

**GREBEG TUMPENG SEWU ING GUNUNG SUROWITI KECAMATAN PANCENG KABUPATEN GRESIK
(Tintingan Folklor)**

NUR LAILA DEWI ROYANI

Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya
Nurlela.royani@yahoo.com

ABSTRAK

Grebeg Tumpeng Sewu yaiku tradisi kang ana sajroné Petilasan Sunan Kalijaga ing Desa Surowiti Kecamatan Panceng Kabupaten Gresik. Tradisi kasebut ditindakake saben taun ing dina Kamis pungkasan sadurunge mlebu sasi Sura. Tradisi kasebut ngarak sewu tumpeng cilik lan telung tumpeng ageng kang ditujokake kanggo para leluhur. Ancas yaiku minangka wujud pakurmatan, wujud rasa syukur, lan dedunga supaya adoh saka bebaya. *Grebeg Tumpeng Sewu* iki minangka folklor setengah lisan kang njlentrehake makna lan fungsi folklor kanggo masyarakat.

Underane panliten yaiku: 1) Kepriye mula buka *Grebeg Tumpeng Sewu* ing Gunung Surowiti, Kecamatan Panceng Kabupaten Gresik?; 2) Apa wae makna ubarampe sajroné tradisi?; 3) Kepriye tata rakit sajroné tradisi?; 4) Apa wae fungsi kang kinandhut sajroné tradisi?. Ancas panlitene yaiku: 1) Njlentrehake mula buka *Grebeg Tumpeng Sewu*; 2) Njlentrehake wujud lan makna ubarampe; 3) Njlentrehake tata rakit tradisi; 4) Njlentrehake fungsi kang kinandhut sajroné tradisi. Panliten ngenani Tradisi *Grebeg Tumpeng Sewu* iki nduweni paedah, yaiku 1) Panliten iki bisa nambah kawruh lan pengalaman sajroné golek dhata panliten ngenani *Grebeg Tumpeng Sewu* gegayutan karo petilasan Sunan Kalijaga, 2) Panliten iki nduweni piguna kanggo piwulang sajroné babagan agama, amarga tradisi kasebut gegayutan karo panyebaran agama Islam sing dilakoni Sunan Kalijaga, 3) Bisa nambahi sakabehane kawruh ngenani *Grebeg Tumpeng Sewu*, 4) Bisa nengeneke babagan ilmu agama kanthi nuladhani piwulang becik Sunan Kalijaga.

Grebeg Tumpeng Sewu ditintangi kanthi metodhe dheskriptif kualitatif kanthi pendekatan folklor. Babagan wujud folklor nggunakake teori folklor saka Bruvand. Babagan makna sajroné tradisi nggunakake teori semiotik saka Pierce. Babagan fungsi tradisi nggunakake teori saka Bascom lan Alan Dundes. Objek kang diteliti yaiku *Grebeg Tumpeng Sewu*. Instrumen panliten iki awujud panliti, dhaptar pitakonan, lan alat bantu kang digunakake kanggo ngumpulake dhata. Teknik ngumpulake dhata sajroné panliten yaiku kanthi cara *observasi*, wawancara, lan dhokumentasi. Kanggo nganalisis dhata sajroné panliten nggunakake *open coding*, *acial coding*, lan *selective coding*.

Grebeg Tumpeng Sewu kalebu folklor setengah lesan, amarga sajroné tradisi kasebut nduweni rong unsur yaiku unsur fisik lan lesan. Unsur fisik tradisi iki yaiku saka tata rakit lan ubarampe kang digunakake. Dene unsur lesan yaiku saka crita lan tahlil kang diwaca nalika adicara tradisi. Tradisi iki dianakake dina Kemis pungkasan sadurunge mlebu Sasi Sura.

Grebeg Tumpeng Sewu nggunakake ubarampe kang nduweni makna tartamtu, yaiku: 1) pitik putih, 2) wedhus, 3) wedang kopi, 4) kembang kenanga, 5) kembang kanthil, 6) tumpeng sega putih, 7) tumpeng pala pendhem, 8) tumpeng pala gumantung, lan 9) tumpeng cilik. Tradisi iki uga nduweni tata rakit tradisi kang ora bisa diowahi, yaiku: 1) ziarah ing Pring Silir, 2) ziarah makam, 3) siram ageng, 4) ngarak tumpeng, 5) sawur tumpeng, lan 6) maca babad Surowiti.

Fungsi tradisi sajroné *Grebeg Tumpeng Sewu* bakal diandharake nganggo teori saka Bascom lan Alan Dundes kang ngandharake ngenani fungsi folklore yaiku: 1) minangka sistem proyeksi, yaiku kaca pangilone angen-angen saka kolektif, 2) minangka sarana pangesahe budaya, 3) minangka sarana pendidikan, lan 4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi paugerane masyarakat, supaya tansah diugemi lan ditindakake. Saliyane fungsi saka Bascom lan Alan Dundes, panliten iki nduweni fungsi liya minangka panemu saka panliti dhewe kanggo pangembangan. Fungsi kasebut yaiku: 5) minangka sarana hiburan, 6) minangka sarana religi, 7) sarana shodakoh, 8) nuwuhake paseduluran, 9) nuwuhake rasa tanggung jawab, 10) sarana piguna ekonomi, lan 11) minangka promosi budaya

Tembung kunci: *Grebeg Tumpeng Sewu*, Folklor.

PURWAKA

LELANDHESAN PANLITEN

Masyarakat Jawa yaiku masyarakat kang nduweni maneka werna kabudayan. Saben dhaerah nduweni ciri khas lan titikan dhewe-dhewe. Kabudayan kasebut minangka idhentitas sing mbedakake antarane dhaerah siji lan liyane. Kabudayan mujudake warisan leluhur kang diturunake kanthi turun temurun wiwit biyen nganti saiki. Sajrone kabudayan ngandhut sawijining nilai lan norma kang bisa ngatur tindhak-tandhuk manungsa urip ing bebrayan. Kabudayan tuwuh sajrone masyarakat kanggo njangkepi kabutuhane. Kahanan kasebut amarga manungsa ora bisa urip tanpa anane kabudayan, semono uga kabudayan ora bakal ana tanpa masyarakat panyengkuyunge.

Kabudayan iku sakabehe gagasan lan karya manungsa sing ditindakake kanthi cara sinau, uga minangka kacipta saka akal budi manungsa (Koenjtaraningrat, 1993:3). Kabudayan kasebut minangka asil sing kacipta saka akal budi manungsa banjur nuwuhake pakulinan sing kudu ditindhakake. Kejaba saka iku uga minangka warisan kang diduweni dening masyarakat panyengkuyunge kanthi cara sinau. Kahanan kasebut amarga sajrone kabudayan ngandhut sawijining simbol miturut jinis *kolektif* tartamtu.

Miturut Haviland, (1989:333) kabudayan yaiku saperangkat aturan utawa norma kang diduweni bebarengan lan yen dianakake dening masyarakat panyengkuyunge bisa tuwuh tata aturan kelompok dianggep pantes lan ditrima. Miturut Koentjaraningrat (1987:5-7) wujud kabudayan diperang dadi telu, yaiku 1) wujud kabudayan saka idhe-idhe, pamikiran, nilai-nilai, norma-norma, aturan lan liyane, 2) wujud kabudayan minangka nglumpukake saka aktivitas lan uga tumindhak saka manungsa ing bebrayan, 3) wujud kabudayan minangka wujud asil karyane manungsa. Adhedhasar rong pamanggih ing dhuwur bisa didudut yen kabudayan iku minangka idhe lan gagasan sawijining *kolektif* masyarakat saengga tuwuh nilai, norma, lan aturan kang ngiket masyarakat. Sabanjure kabudayan kasebut diwarisake lan ditindakake kanthi cara sinau nggunakake simbol-simbol arupa ukara lan sistem pralatane.

Kabudayan sumebar lan nduweni ciri khas dhewe-dhewe. Jinising kabudayan nduweni pambada antarane dhaerah siji lan liyane. Kahanan kasebut amarga gumantung karo kapitayan lan papan panggonan ing ngendhi kabudayan kasebut ngrembaka. Saben kabudayan nduweni ide, nilai, lan norma kang diripta kanggo ngiket pangrasane masyarakat. Salah sawijine yaiku kabudayan kang dikaji panliti ing Desa Surowiti Kecamatan Panceng Kabupaten Gresik yaiku *Grebeg Tumpeng Sewu*. Tradhisi kasebut nduweni corak lan ciri khas kang beda saka dhaerah liya. Tradhisi iki siji-sijine tradhisi gedhe kang tuwuh ing Kabupaten Gresik, lan ora ana wilayah liyane kang nganakake upacara kasebut. Anane tradhisi menehi pangaribawa kanggo masyarakat panyengkuyunge. *Grebeg Tumpeng Sewu* iki kalebu folklor setengah lisan.

Folklor yaiku saperangan kabudayan sawijine *kolektif* kang sumebar lan diwarisake kanthi turun-temurun, antarane *kolektif* jinis apa wae kanthi tradisional sajrone versi kang beda kaya dene lesan utawa gerak utawa isyarat utawa mbiyantu pangeling-eling. Wujud folklor diperang dadi telu yaiku (1) folklor lesan yaiku wujud murni lesan, kaya dene basa rakyat, geguritan, pititur tradhisional, nyanyian rakyat lan sapanunggal; (2) folklor setengah lisan yaiku wujud saka campuran unsur lesan marang unsur dudu lesan, kaya dene keyakinan, tarian rakyat, upacara, pesta rakyat lan hiburan rakyat, lan kang pungkasan yaiku (3) folklor dudu lesan yaiku folklore sing wujud dudu lesan, nanging cara nggawene diwulang kanthi cara lesan, kaya dene arsitektur rakyat, lan gerak tradhisional rakyat (Danandjaja, 1984:21-22).

Grebeg Tumpeng Sewu ing Gunung Surowiti kalebu folklor setengah lisan amarga wujud ngenani kapitayan masyarakat, adat-istiadat, slametan, uga upacara kang dilakoni dening masyarakat Desa Surowiti. Tradhisi kasebut kalebu folklor setengah lisan amarga nduweni rong unsur yaiku unsur lesan lan dudu lesan. Unsur lesane saka anane dedonga, sholat, lan ngaji babad Surowiti. Dene, unsur dudu lesane saka ubarampe lan tata laku sajrone tradhisi. *Grebeg Tumpeng Sewu* dianakake kanggo mangeti Sunan Kalijaga lan para leluhur Desa Surowiti ing Kamis pungkasan sadhurunge mlebu Sasi Suro. Tradhisi kasebut minangka tradhisi kang diturunake lan gegayutan karo Petilasan Sunan Kalijaga.

Anane *Grebeg Tumpeng Sewu* nduweni daya tarik kanggo masyarakat sakiwa tengene, mligine masyarakat Gresik. Kayata, (1) minangka siji-sijine tradhisi gedhe ing wilayah Gresik; (2) dianakake sadurunge mlebu Sasi Suro; (3) gegayutan karo Petilasan Sunan Kalijaga; (3) papan panggonane kang ana ing dhuwur Gunung Surowiti; (4) tradhisi kasebut nduweni makna lan pangaribawa kanggo masyarakat sakiwa tengene; (5) nduweni ubarampe lan tata rakit tradhisi kang ora bisa diowahi. Adhedhasar daya tarik kasebut, *Grebeg Tumpeng Sewu* nduweni nilai lan piguna kanggo masyarakat.

Anane *Grebeg Tumpeng Sewu* dikarepake bisa narik kawigaten pamerintah Kabupaten Gresik. Amarga tradhisi kasebut wis menehi pangaribawa kanggo masyarakat panyengkuyunge lan minangka tradhisi kang luwih onjo tinimbang liyane. Tradhisi kasebut uga dianakake wiwit biyen nganti saiki minangka wujud pakurmatan marang Sunan Kalijaga. Adhedhasar kasebut panliten iki nduweni ancas kanggo ngrembakake lan nguri nguri kabudayan warisan leluhur supaya ora kagiles jaman.

Panliten ngenani *Grebeg Tumpeng Sewu* ing Gunung Surowiti Kecamatan Panceng Kabupaten Gresik iki durung tau diteliti. Mula saka kuwi, tradhisi kasebut prelu diteliti kanti rowa. Sajrone panliten iki bakal ngonceki babagan wujud, makna lan fungsi sajrone *Grebeg Tumpeng Sewu*.

UNDERANE PANLITEN

Adhedhasar underan panliten ing ndhuwur bisa ditemokake tujuwan panliten kaya ing ngisor iki:

- 1) Kepriye mula buka *Grebeg Tumpeng Sewu* ing Gunung Surowiti, Kecamatan Panceng Kabupaten Gresik?
- 2) Apa wae makna ubarampe sajrone *Grebeg Tumpeng Sewu*?
- 3) Kepriye tata rakit sajrone *Grebeg Tumpeng Sewu*?
- 4) Apa wae piguna kang kinandhut sajrone *Grebeg Tumpeng Sewu*?

ANCASE PANLITEN

Panliten ngenani *Grebeg Tumpeng Sewu* ing Gunung Surowiti Kecamatan Panceng Kabupaten Gresik iki nduweni ancas panliten, kaya ing ngisor iki:

- 1) Ngandharake mula buka *Grebeg Tumpeng Sewu* sing gayut marang petilasan Sunan Kalijaga.
- 2) Ngandharake wujud uabarampe lan makna kang kinandhut sajrone *Grebeg Tumpeng Sewu*.
- 3) Ngandharake tata rakit *Grebeg Tumpeng Sewu*.
- 4) Ngandharake piguna sajrone *Grebeg Tumpeng Sewu*.

WEWATESANE PANLITEN

Wewatesan panliten digunakake supaya panliten iki ora mlenceng saka konsep kang wis ditemtokake. Kabeh iku bakal diandharake adhedhasar tintingan lan teori kang wis tumata.

- 1) Kabudayan yaiku minangka sakabehe pikiran utawa asil saka cipta, rasa, lan karsane manungsa kang becik kanthi sarana lan niat ngupaya pamikirane manungsa kanggo luwih pinter (Koentjaraningrat, 1987:15).
- 2) Tradhisi yaiku sakabehane samubarang kayata adat pakulinan, kapercayan, lan sakabehane sing diwarisake saka nenek moyang. (Poerwadarminta, 1976:1088)
- 3) Legendha yaiku crita prosa rakyat sing dianggep dadi pandenge crita, minangka prastawa kang bener-bener kadadéyankadadéyan (Danandjaja, 1984:66).
- 4) Folklor yaiku saperangan kabudayan sawijine *kolektif* kang sumebar lan diwarisake kanthi turun-temurun, antarane *kolektif* jinis apa wae kanthi tradisional sajrone versi kang beda kaya dene lesan utawa gerak utawa isyarat utawa mbiyantu pangeling-eling. Wujud folklor diperang dadi telu yaiku (1) folklor lesan yaiku wujud murni lesan, kaya dene basa rakyat, geguritan, pitutur tradhisional, nyanyian rakyat lan sapanunggalé; (2) folklor setengah lisan yaiku wujud saka campuran unsur lesan marang unsur dudu lesan, kaya dene keyakinan, tarian rakyat, upacara, pesta rakyat lan hiburan rakyat, lan kang pungkasan yaiku (3) folklor dudu lesan yaiku folklore sing wujud dudu lesan, nanging cara nggawene diwulang kanthi cara lesan, kaya dene arsitektur rakyat, lan gerak tradhisional rakyat (Danandjaja, 1984:21-22).
- 5) *Grebeg Tumpeng Sewu* minangka tradhisi kang tuwuh sajrone legendha kang nyitakake petilasasan

Sunan Kalijaga. Tradhisi kasebut ditindakake dening masyarakat Desa Surowiti Kecamatan Panceng Kabupaten Gresik minangka wujud rasa syukur marang Gusti Allah lan ngormati para leluhur.

- 6) Sunan Kalijaga yaiku salah sawijining tokoh Wali Sanga kang nduweni kamampuan bisa menehi pangaruh Islam ing tradhisi Jawa.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Kabudayan Jawa

Kabudayan asale saka basa Sansekerta yaiku *budhayah*, wujud jamak saka budhi sing tegese “budi” utawa “akal” saengga kabudayan iku bisa diwenehi teges “babagan kang ana gayutane marang budi lan akal (Koentjaraningrat, 1987:9). Kabudayan dewe dumadi saka cipta, rasa lan karsane manungsa. Saliyane iku kabudayan uga nduweni kalungguhan paling dhuwur sajrone makire masyarakat, mligine masyarakat Jawa.

Masyarakat Jawa nduweni maneka warna kabudayan lan saben kabudayan nduweni ciri khas tartamtu. Masyarakat Jawa ora bisa uwal saka kabudayan, amarga kabudayan iku samubarang kang nduweni nilai lan makna tumrap panguripane manungsa (Maran, 2005:15). Kabudayan Jawa yaiku konsep-konsep ngenani bab apa wae kang ngrembaka sajrone alam pamikirane manungsa, kang dianggep nduweni nilai, nduweni aji, lan wigati tumrap panguripane wong Jawa saengga bisa nduweni piguna minangka sawijine pedhoman panguripan kanggo masyarakat Jawa (Koentjaraningrat, 1990: 203-204).

Kabudayan iku minangkat alat kanggo ngatur nilai lan norma sajrone masyarakat. Kaya sing wis diandharake Haviland, (1989:333) kabudayan yaiku saperangkat aturan utawa norma kang diduweni bebarengan lan yen dianakake dening masyarakat panyengkuyunge bisa tuwuh tata laku kaanggotane dianggep pantes lan ditrima. Mula saka kuwi masyarakat iku nduweni tata aturan tartamtu kanggo ngiket anggotane kanthi anane norma kang ana.

Folklor

Miturut Bruvand sajrone Danandjaja (2002:21-22) ngandharake menawa wujud folklor ana telu yaiku: (1) folklor lisan (*verbal folklore*), yaiku folklor kang wujud nyata lisan, kaya dene basa rakyat, geguritan, uga pitutur tradhisional utawa gugon tuhon, (2) folklor setengah lisan (*partly verbal folklore*), yaiku wujud campuran unsur lisan lan unsur dudu lisan, kayadene kapercayan, tarian rakyat, pesta rakyat, upacara, hiburan rakyat, lan (3) Folklor dudu lisan (*non verbal folklore*), yaiku folklor kang wujud dudu lisan nanging cara nggawene diwulang kanthi cara lisan, kayadene *arsitektur* rakyat, lan gerak tradhisional rakyat. Titikane folklor miturut Danandjaja (2002: 3-4) ing antarane yaiku: (1) disebarake lan diwarisake kanthi cara lisan lan gethok tular marang wong siji lan sijine, (2) folklor asipat tradhisional amarga cara nyebarake silih gumanti saengga mbutuhake wektu suwe, (3) folklor ana versi lan varian kang beda-beda, (4) folklor asipat *anonim*, yaiku jeneng pangriptane ora diweruhi, (5) folklor nduweni wujud *berpola*, (6) folklor nduweni paedah tumrap panguripane wong akeh lan

kolektif, (7) folklor asipat *pralogis*, yaiku nduweni logika dhewe kang ora padha marang logika liyane, (8) folklor dadi duweke bebrayan kang ana ing dhaerah tartamtu, (9) folklor umume asipat polos lan lugu, mula kerep katon kasar utawa kalem uga alus.

Legendha

Legendha yaiku crita kang dianggep prastawa kang nduweni sejarah, crita kang ngemot babagan mula bakane panggonan tartamtu, crita kang dipercayani dening masyarakat wiwit biyen. Legendha dipercayani prastawa kang bener-bener kadadeyan sing sabanjure ngrembaka lewat crita-crita dening masyarakat. Miturut Danandjaja, (1984:66) legendha kerep diarani sejarah kolektif sing ora katulis saengga bisa beda karo crita asline nanging nduweni inti crita sing padha.

Miturut Bruvand sajrone Danandjaja (1984:67-74) legendha diperang dadi patang klompok, yaiku 1) Legendha kaagamaan (religious legend) yaiku legendha sing nyritakake wong suci kaya dene mukjizat, wahyu, ramalan, crita saka kitab rakyat lan sapanunggal; 2) Legendha alam ghaib (supernatural legends) yaiku legendha sing nyritakake kapercayan ngenani alam ghaib kaya dene panggon sing wingit utawa demit. Legendha alam ghaib iki nduweni fungsi kanggo tahayul utawa kapercayan rakyat; 3) Legendha pribadi (personal legends) yaiku legenda kang critane babagan pahlawan, pujangga lan sapanunggal; lan 4) Legendha mula bukane panggonan (local legends) yaiku legendha kang nyritakake asal mulane panggonan, jeneng lan sapanunggal.

Tradhisi

Tradhisi iku asil cipta lan karyane manungsa awujud objek material, kapercayan, khayalan, kadadeyan, utawa lembaga kang wis diwarisake saka generasi tumuju ing generasi sawise. Poerwadarminta (1976:1088) ngandharake Tradhisi yaiku sakabehane samubarang kayata adat pakulinan, kapitayan, lan sakabehane sing diwarisake saka nenek moyang. Tradhisi lan kapitayan kang diwarisake para leluhur kasebut, isih ditindakake masyarakat nganti saiki. Adat lan kapitayan kasebut dirasa minangka samubarang kang bisa nduweni piguna. Mula saka kuwi, salah sawijine tradhisi bisa ngrembaka yen masyarakat panindhak tradhisi bisa nguri-uri supaya ora agiles jaman.

Makna lan Simbol

Sajrone nyinaoni babagan simbol lan tandha nggunakake teori semiotik, amarga teori kasebut ngemot babagan simbol utawa tandha. Miturut Pateda (2001:28) tembung semiotik dumadi saka basa Yunani "*semeion*" sing nduweni teges makna tandha. Tandha bisa diperang dadi lima yaiku (1) tandha sing dumadi saka manungsa sing wujud pralambang; (2) tandha saka kewan; (3) tandha saka ciptane manungsa; (4) tandha saka tandhuran. Mula saka iku bisa diarani yen semiotik iku teori ngenani tandha utawa simbol. Teeuw (1984:47) ngandharake yen semiotik iku minangka ilmu tandha sing ngrembaka lan bisa ditrapake ing saperangan ilmu liyane kaya dene sastra, antropologi, budaya, filsafat lan

seni. Miturut Pierce sajrone (Luxemburg, 1989:45-46) Ana telung faktor kang nemtokake anane tandha yaiku, tandha kuwi mau dhewe, apa kang ditandhai, lan salah sijine tandha anyar kang kadadeyan ing batine sapa wae kang nrima. Tandha kuwi mau mawujud sajrone salah sijine gejala kang bisa diserep antarane tandha kang utama lan apa kang ditandhai.

Hermeneutika

Miturut Teuw (1984:123) hermeneutik yaiku ilmu utawa cara kanggo mangerteni karya sastra lan basa supaya luwih amba tegese. Hermeneutika nduweni piguna kanggo njlentrehake teks adhedhasar logika. Sakabehane teks kang dijlentrehake kasebut digayutake marang kawruh budaya lan panguripan. Semono uga, yen hermeneutika bisa digunakake kanggo mbabar makna simbol sajrone tradhisi. Hermeneutik minangka ilmu kanggo nafsirake makna kanthi cara tradhisional. Ilmu kasebut bisa digunakake kanggo nafsirake simbol sajrone tradhisi adhedhasar logika, lan digayutake antarane jaman biyen lan saiki.

Fungsi

Folklor iku nduweni piguna tartamtu sajrone masyarakat sing diwarisake kanthi turun-temurun kang dipercayani masyarakat sakiwa tengene. Miturut Bascom lan Alan Dundes sajrone Danandjaja 1984:19 yen pigunane folklor diperang dadi papat yaiku: (1) minangka sistem proyeksi, yaiku kaca pangilone angen-angen saka kolektif, (2) minangka sarana pangesahe budaya, (3) minangka sarana pendhidhikan, lan (4) minangka kendali social utawa piranti kanggo meksa lan ngawasi paugerane bebrayan.

Miturut Merton (sajrone Kaplan, 2002:79) ngandharake yen fungsi lan piguna folklor ana loro yaiku fungsi *manifes* lan fungsi *laten*. Fungsi *manifes* yaiku fungsi sing menehi sumbangan marang samubarang sing dipingini dening pawongan utawa panindhak tradhisi. Fungsi *laten* yaiku fungsi sawijining folklor sing ora dikarepake dening masyarakat. Kaloro fungsi kasebut nduweni teges yen fungsi manifes yaiku fungsi posifif utawa fungsi sing ngandut babagan becik marang tradhisi sing dilakoni, suwalike fungsi laten iku fungsi sing ngandut babagan ala sajrone tradhisi.

Nilai Budaya

Nilai budaya mujudake wawasan kang beda ing antarane masyarakat siji lan liyane. Nilai budaya umume uga nduweni ruwang lingkup kang amba lan biyasane angel diterangake kanthi cara rasional lan nyata. Saben-saben individu kang ana sajrone masyarakat nduweni nilai budaya lan uga nduweni sesambungan, saengga nuwuhake sawijine sistem lan dadi pedhoman konsep *ideal* sajrone kabudayan sarta bisa menehi penyengkuyung kang kuwat tumrap lakune urip masyarakat (Kontjaraningrat, 1990: 90).

Landhesan Teori

Teori folklor kang digunakake kanggo tintingan ing sajrone panliten iki yaiku teori saka Bruvand. Miturut Bruvand sajrone Danandjaja (2002:21-22) ngandharake

yen wujud folklor ana telu yaiku: (1) folklor lisan (*verbal folklore*), yaiku folklor kang wujud nyata lisan, kaya dene basa rakyat, geguritan, uga pitutur tradhisional utawa gugon tuhon, (2) folklor setengah lisan (*partly verbal folklore*), yaiku wujud campuran unsur lisan lan unsur dudu lisan, kayadene kapercayan, tarian rakyat, pesta rakyat, upacara, hiburan rakyat, lan (3) Folklor dudu lisan (*non verbal folklore*), yaiku folklor kang wujud dudu lisan nanging cara nggawene diwulang kanthi cara lisan, kayadene *arsitektur* rakyat, lan gerak tradhisional rakyat *Tradhisi Grebeg Tumpeng Sewu* kalebu folklor setengah lisan amarga tradhisi kasebut awujud kapitayan masyarakat, upacara kang nduweni ubarape lan tata rakit tradhisi, uga minangka pesta utawa hiburan rakyat. Kapitayan marang tradhisi kasebut menehi pangaribawa marang legendha kang ngrembaka. Tradhisi kang gegayutan marang petilasan Sunan Kalijaga menehi piguna kanggo masyarakat sakiwa tengene, utamane masyarakat kang percaya.

Kanggo nintingi babagan makna simbol sajrone *Grebeg Tumpeng Sewu* nggunakake teori semiotik saka Pierce. Miturut Pierce sajrone Luxemburg (1989:45-46) Ana telung faktor kang nemtokake anane tandha yaiku, tandha kuwi mau dhewe, apa kang ditandhai, lan salah sijine tandha anyar kang kedadeyan ing batine sapa wae kang nrima. Tandha kasebut mawujud sajrone salah sijine gejala kang bisa diserep antarane tandha kang utama lan apa kang ditandhai. Mula bisa didudut yen tandha digunakake sajrone masyarakat panindak kabudayan. Sajrone negesi tandha kasebut masyarakat nduweni titikan tartamtu kanggo kabecikan masyarakat Desa Surowiti. Tandha kasebut ana ing ubarampe lan tata rakit sajrone *Grebeg Tumpeng Sewu*. Tradhisi kasebut nduweni tata rakit lan ubarampe kang nduweni makna sing kinandhut sajrone. Makna simbol kasebut nduweni tandha lan teges kang dadi tujuwan masyarakat sajrone nindhakake tradhisi. Kanthi simbol kang ana sajrone tradhisi kasebut masyarakat percaya marang kapitayan kang bakal menehi berkah lan kasantosan.

Andharan ing dhuwur bisa diarani yen simbol iku minangka pangarep- arep dening pawongan utawa panindhak tradhisi. Saben dhaerah mesthi nduweni ciri khas tartamtu ngenani makna lan simbol sajrone kabudayan sing dilakoni. Masyarakat ing Desa Surowiti iki nduweni simbol tartamtu kanggo pangarep-arep dening kabudayane lan ora uwal saka gusthi pangeran. Saliyane ubarampe kasebut tradhisi iki nduweni tata rakit kang baku saengga ditindhakake kanthi urutan tartamtu. Sajrone tata rakit kasebut nduweni makna minangka wujud dedunga lan pangarepan masyarakat.

Babagan fungsi sajrone *Grebeg Tumpeng Sewu* nggunakake teori saka Bascom lan Alan Dundes kang ngandharake ngenani fungsi folklor kuwi, yaiku: 1) minangka sistem proyeksi, yaiku kaca pangilone angengen saka kolektif, 2) minangka sarana pangsaehe budaya, 3) minangka sarana pendhidhikan, lan 4) minangka kendali sosial utawa piranti kanggo meksa lan ngawasi paugerane bebrayan, supaya tansah diugemi lan ditindakake tori saka Merton. Miturut Merton (sajrone Kaplan, 2002:79) yen fungsi lan piguna folklor ana loro yaiku fungsi *manifes* lan fungsi *laten*. Fungsi *manifes*

yaiku fungsi sing menehi sumbangan marang samubarang sing dipingini dening pawongan utawa panindhak tradhisi. Fungsi *laten* yaiku fungsi sawijining folklor sing ora dikarepake dening masyarakat. Kaloro fungsi kasebut nduweni teges yen fungsi *manifes* yaiku fungsi positif utawa fungsi sing ngandut babagan becik marang tradhisi sing dilakoni, suwalike fungsi *laten* iku fungsi sing ngandut babagan ala sajrone tradhisi. *Grebeg Tumpeng Sewu* nduweni fungsi *manifest* utawa fungsi kang asipat positif kanggo pawongan. Saliyane iku uga nduweni fungsi *laten* kang luwih asipat negative. Nanging sakabehane fungsi kasebut gumantung marang pawongan sajrone negesake samubarang kang dirasa, dirungu, lan dideleng sajrone tradhisi. *Grebeg Tumpeng Sewu* iki gegayutan marang petilasan Sunan Kalijaga. Kamangka, sajrone fungsi uga nduweni nilai nilai budaya kang nduweni piguna kanggo masyarakat sajrone nuladhani sipat becik

METODHE PANLITEN

Panliten sajrone *Grebeg Tumpeng Sewu* iki nggunakake ancangan panliten kang asipat kualitatif dheskriptif. Panliten kualitatif yaiku sawijine ancangan panliten kang ancane kanggo menehi cathetan saka tandhane samubarang kang diteliti kanggo ngasilake data-data aktual lan akurat. Panliten jinis dheskriptif luwih ngutamakake kwalitas dhata. Saliyane kuwi metodhe iki uga kanggo nggambarake kasunyatan-kasunyatan saka objek saengga bisa ngolehake asil kang bener lan pener.

Sumber Dhata

sajrone panaliten ngenani *Grebeg Tumpeng Sewu* iki ana loro, yaiku sumber dhata *primer* lan *sekunder*. Saka anane kaloro sumber dhata kasebut banjur bisa dadi dhata.

Dhata

Dhata utawa bahan utama ngenani *Grebeg tumpeng sewu* kang bakal diandharake bisa diperang maneh dadi loro yaiku dhata utama lan dhata tambahan. Dhata-dhata kasebut bakal diasilake kanthi cara ngamati, wawancara, lan dhokumentasi.

INSTRUMEN PANLITEN

Panliti

Panliti yaiku salah sawijine pawongan kang nindakake panliten iki. Ing kene panliti kadhapak minangka dhalang ing sajrone panliten kang ditindakake, Moleong (2009:163).

Dhaftar Pitakonan

Sadurunge panliti nindakake wawancara marang informan dhaftar pitakonan luwih dhisik kudu digawe. Gunane dhaftar pitakonan yaiku kanggo antuk dhata utawa informasi saakeh-akehe saka informan.

Alat Bantu

Alat bantu kang dibutuhake sajrone panliten ngenani *Grebeg Tumpeng Sewu* iki yaiku:

- 1) Lembar observasi kang digunakake kanggo nyathet sekabehe asil pengamatan sajrone panliten.
- 2) Kamera HP utawa kamera digital, digunakake kanggo njupuk gambar kagiatan utawa adicara-adicara kang ana sajrone tradhisi.
- 3) Handphone kanggo ngrekam dhata nalika wawancara.
- 4) Bupen kanggo nyathet.
- 5) Kartu dhata kanggo nglasifikasikake dhata miturut masalahe.

TATA CARA NGLUMPUKAKE DHATA

Observasi

Miturut Danandjaja (1984:197) observasi yaiku njingglengi utawa ngamati salah sawijine kadadean kanthi cara nggambarake kasunyatan kaya apa kang diingeti. Sudikan (2001:87) uga merang observasi adhedhasar sipat sesambungane dadi loro, yaiku *observasi biasa* lan *observasi terlibat*. *Observasi biasa* yaiku observasi kang ora ana sesambungan antarane panliti lan informan, jalaran panliti ora perlu melu cawecawe ing tumindake budaya kasebut. *observasi terlibat*, panliti nduweni sesambungan kang raket karo informan, saengga panliti bisa antuk katrangan saakeh-akehe ngenani samubarang kang diteliti.

Wawancara

Wawancara utawa *interview*, yaiku cecaturan kanthi maksud lan ancas tartamtu. Cecaturan iki ditindakake dening rong pihak, yaiku ing antarane tukang wawancara kang menehi pitakonan lan sing diwawancarai yaiku kang aweh wangsulane jawaban marang pitakonan kang wis diwenehake (Moleong, 2005:135).

Dhokumentasi

Dhokumentasi kanggo nggoleki dhata-dhata ngenani bab-bab utawa varian kang arupa cathetan, transkrip, buku, surat kabar, kalawarti, prasasti, notulen, rapat, legger, agendha lan liya-liyane (Arikunto, 2010:201).

TEKNIK ANALISIS DHATA

Langkah-langkah kang bisa ditindakake sajrone teknik analisis dhata ing panliten ngenani *Grebeg Tumpeng Sewu* iki yaiku kaya ing ngisor iki:

1. Panliti nyatet lan Ngumpulake sakabehane dhata sing diolehi saka wawancara, observasi, dhokumentasi, catetan, rekaman lan apa wae ngenani legendha lan tradhisi sing desa kasebut.
2. Dhata sing wis diolehi diperang miturut masalah sing bakal dianalisis supaya cetha lan luwih jangkep kaya dene masyarakat kang ana ing desa Surowiti, bagan lan struktur desa, pakaryane, agama, mula baka, ubarampe, tatalaku, nilai, makna, fungsi lan liya-liyane.
3. Ngandharake lan njlenterhake sakabehane dhata sing durung cetha supaya luwih cetha lan bisa diamngerteni.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Gegambarane Desa Surowiti

Kanggo mangerteni masyarakat minangka panindak kabudayan prelu anane gegambarane alam Desa Surowiti, kahanan bebrayan, mula buka tradhisi kang digayutake karo legendha, tradhisi sing tuwuh sajrone Legendha, ubarampe tradhisi, tata raket nindakake, lan piguna sing bisa dijupuk saka *Grebeg Tumpeng Sewu*. Sakabehane gegambarane ngenani tradhisi sing tuwuh sajrone legendha bakal digayutake karo masyarakat minangka panyengkuyunge.

Kahanan Alam Desa Surowiti.

Desa Surowiti yaiku salah sawijining desa sing ana ing Kecamatan Panceng Kabupaten Gresik. Desa iki dumadi saka rong dusun yaiku Dusun Panceng lan Dusun Gampeng. Desa Surowiti minangka siji saka 14 desa ing wilayah Kecamatan Panceng. Papan panggonane kurang luwih 3 km saka wetan Kecamatan. Desa iki nduweni jembar 103,5 Ha lan madeg ing kadhuwuran 200 mdpl. Papan dununge awujud aspal nanging nglewati alas jati. Desa kasebut minangka papan panggonan tapak tilas Sunan Kalijaga sajrone nyebarake agama Islam. Ing desa kasebut uga nduweni paninggalan makam sing dipercaya makam Sunan Kalijaga. Saliyane makam kasebut uga ana makam Empu Supo lan Raden Bagus Mataram minangka santri Sunan Kalijaga.

Masyarakat sing manggon ing desa iki kaperang dadi rong panggonan yaiku masyarakat sing manggon ing ngisor gunung khususé masyarakat Dusun Panceng lan Dusun Gampeng. Masyarakat sing manggon ing dhuwur gunung yaiku masyarakat Desa Surowiti minangka punjere desa. Kanggo tumuju ing desa iki kagolong angel amarga papan dununge sing ana ing dhuwur gunung. Dalan tumuju ing dhuwur awujud tangga sing wis kasusun apik nanging ana sebageyan sing wis rompal. Saliyane tangga uga ana dalan cilik kanggo sepeda montor tumuju dhuwur gunung, nanging mung saperangan wae sing wani munggah nggunakake sepeda montor. Kanggo masyarakat sing wis sepuh luwih milih mlaku nalika munggah mudhun gunung. Transportasi sing ana uga kagolong wis becik, amarga masyarakat akeh sing duwe transportasi sepeda montor sing dititipake ing parkir ngisor gunung.

Pendidhikan

Masyarakat kang lulus SMA mung 304 pawongan. Cacah kasebut adoh yen dibandhingake masyarakat sing mung lulus SD. Sakabehane masyarakat kang lulus SMA uga akeh sing nikah yen wadon, lan uga ana kang golek gaweyan ing pabrik, srabutan, bangunan, nganthi dadi TKI ing negara manca. Pamikiran wong tuwa ing desa iki nganggep yen anak wadon sawise SMA kudu dinikahake, supaya bisa omah-omah lan mbandani. Pamikiran kasebut ndadekake akehe bwong wadon enom kang wis padha nggendhong anak. Liya saka iku kanggo saperangan pawongan kang lulus perguruan tinggi nuduhake yen nduweni ekonomi sing mampu lan pamikiran kang maju. Anane masyarakat kang nduweni tingkat pendhidhikan dhuwur iki menehi panyengkuyung kanggo kabudayan sing ana. Masyarakat sing lulus

perguruan tinggi nduweni pamawas yen *Grebeg Tumpeng Sewu* minangka budaya tutur leluhur kang kudu dirembakake. Pendhidhikan sing dhuwur kasebut ora ndadekake ora gelem nguri-nguri budaya, nanging luwih nengene supaya tradhisi kasebut ngrembaka tanpa ngilangake kapitayan sing wis diugemi wiwit biyen.

Pangupajiwa

Rata-rata pangupajiwa masyarakat Desa Surowiti yaiku tani kanthi cacah 230 pawongan. Tani ing kene nduweni arti bedha karo buruh tani amarga tani, buruh tani lan swasta. Masyarakat luwih milih ngolah sawah tinimbang kerja metu desane amarga masyarakat isih nduweni pamikiran tradhisional mangan ora mangan sing penting kumpul. Saliyane iku uga kemampuan masyarakat sing mung bisa lulus SD nganthi ana sing lulus SD iki ndadekake masyarakat mung bisa gumantung karo alam lan pengalaman sing diajarake wong tuwane. Bisa dideleng saka masyarakat kang dadi pegawe negri mung saperangan wong sing cacahé 19 lan TNI utawa polisi cacahé 2. Kahanan kasebut bisa didudut sathithike pawongan kang nduweni pamikiran ngenani pendhidhikan dhuwur bakal ndadekake urip mulya. Pangupajiwa sing nuduhake akehe masyarakat kang nduweni pangupajiwa tani mau nuduhake isih tradhisionale pamikiran masyarakat Desa Surowiti.

Agama

Agama kang ana ing masyarakat Desa Surowiti iki yaiku agama Islam. Agama islam kasebut uga dibagi dadi rong aliran yaiku NU lan muhammadhiyah. Aliran kasebut padha nyembah marang Gusti Allah, nanging pembedane yaiku saka tata cara dedungane wae. Masyarakat kang nduweni agama Islam kasebut disengkuyung karo anane petilasan Sunan Kalijaga sajrone nyebarake agama Islam ing desa iki. Ing desa kasebut wis madeg masjid lan mushola kang digunakake masyarakat kanggo ngibadah marang Gusti Allah. Kayata madege Masjid Tiban sing dipercaya ana wiwit biyen lan nduweni kakuwatan tartamtu. Panyengkuung kasebut ndadekake masyarakat percaya marang kakuwatan sing nduweni pangaribawa sajrone agamane.

Masyarakat Desa Surowiti nduweni agama islam lan percaya marang kakuatan ghaib sing diarani mistik. Kahanan kasebut bisa diarani yen masyarakat kalebu islam abangan. Islam abangan iki saliyané ngibadah marang Gusti Allah uga percaya marang babagan ghaib. Dideleng saka masyarakat iki manggon uga ndadekake panyengkuyung tartamtu ngenani kapitayan kasebut. Petilasan Sunan Kalijaga iki minangka tapak tilas Sunan Kalijaga sajrone nyebarake agama Islam lan meguru marang Sunan Bonang. Kamangka masyarakat ngramatake papan kasebut lan percaya akeh kakuwatan kang tuwuh sajrone Gunung Surowiti. Apa maneh akeh paninggalan sing narik kawigaten kapitayan islam abangan iki tuwuh.

Agama Islam abangan iki yaiku nganut agama islam nanging isih percaya marang ghaib, makhluk alus, lan roh para leluhur. Kamangka masyarakat Desa Surowiti nindhakake saperangan slametan lan tradhisi sing wis dadi kabiasaan wiwit biyen. Slametan kang

dilakoni kaya dene bancaan, tingkepan, slametan wong mati, ziarah makam dina Senin-Kemis lan sapanunggalé. Dene tradhisi kang dilakoni yaiku *Grebeg Tumpegi Sewu* minangka salah siji adicara Haul Sunan Kalijaga. Tradhisi kasebut ngandhut unsur religi nanging uga ngandhut babagan mistik, amarga ditujokake kanggo kekarepan tartamtu kaya dene ditujokake marang para leluhur. Babagan islam abangan kasebut ora uwal saka dedunga supaya adoh saka bebaya.

Mula Bukane Grebeg Tumpeng Sewu

Legendha yaiku crita sing dianggep dadi pandhenge crita lan minangka prastawa sing bener-bener kadadeyan. Legendha asale saka masyarakat sing weruh lan ngalami banjur dicritakake kanthi turun-temurun. Semono uga legendha sing ngrembaka ing Desa Surowiti nganthi nuwuhake saperangan kapitayan lan tradhisi. Legendha kasebut diarani Legendha Gunung Surowiti. Legendha iki nduweni rong crita yaiku ngenani mula buka jeneng Desa Surowiti lan crita Sunan Kalijaga nalika nyebarake agama islam lan meguru marang Sunan Bonang. Luwih cethane crita kasebut bakal diandharake ing ngisor iki.

Mula bukane desa diarani Desa Surowiti yaiku amarga jaman biyen sing mbabat alas Surowiti nduweni jeneng Mbah Suro. Masyarakat desa percaya yen Mbah Suro sing miwiti lan mbabat alas ing dhuwur bukit minangka parentahe Sunan Kalijaga. Miturut juru kunci Desa Surowiti, jeneng Surowiti dumadi saka Suro lan Miwiti. Tembung Suro lan Miwiti kasebut diarani “Suro ingkang miwiti” saengga diarani Desa Surowiti. Andharan mula baka kasebut adhedhasar wawancara ing ngisor iki.

“Surowiti nduweni gayutan marang lelakune Mbah Suro kang miwiti mbabat alas ing kene. Mulane diarani Desa Surowiti. Mbah Suro mbabat alas kene atas parentahe Kanjeng Sunan Kalijaga.” (Abdul Mun'in, tgl 29 Oktober 2016)
Cuplikan ing dhuwur nuduhake yen Mbah Suro minangka leluhur kang miwiti mbabat alas Desa Surowiti. Jeneng Surowiti uga kacipta saka Suro kang miwiti mbabat alas. Mbah Suro mbabat alas kanthi tujuan mertobat marang Gusti Allah lan minangka parentahe Sunan Kalijaga. Miturut Juru kunci desa iki, Mbah Suro kasebut yaiku brandal sing ana ing wilayah Desa Surowiti. Saben dinane mesti ngrampok pawongan sing lewat wilayah kasebut. Nanging sawise prastawa yen dheweke diasorake Sunan Kalijaga, Mbah Suro luwih milih mertobat lan ngakoni tumindhak becik. Sajrone mertobat kasebut Mbah Suro budal mbabat alas ing Gunung Surowiti.

Crita ngenani Mbah Suro nalika miwiti mbabat alas Desa Surowiti iki uga minangka salah sawijining bageyan prasatawa ditindhakake tradhisi. Kamangka legendha kasebut gayut marang tradhisi lan ngiket pangarasane masyarakat. Miturut crita kasebut, Mbah Suro dianggep leluhur kang mbabat alas, saengga tradhisi kang ditindhakake kirim dedunga marang Mbah Suro. Crita asebut bakal diandharake kaya dene ing ngisor iki.

“Mbah Suro biyene iku rampok sing ana ing daerah ngisor gunung. Wektu biyen Mbah Suro

kerep ngrampok wong sing lewat daerah kene. Lha awitane Mbah Suro diutus mertobat karo Sunan Kalijaga amarga Mbah Suro karo para abdine ngrampok bocah wadon lan bapane. (Abdul Mun'in, tgl 29 Oktober 2016)

Cuplikan ing dhuwur nuduhake yen Mbah Suro kasebut minangka rampok kang ana ing wilayah Desa Surowiti. Saben dina mesthi ngrampok pawongan kang sekirane dianggep pantes kanggo dirampok. Asile saka ngrampok mau digawe seneng-seneng karo para balane. Sajrone crita ngenani Mbah Suro nuduhake yen nduweni sipat ala nanging dianggep leluhur. Saka kuwi bisa didudut yen upayane mbah Suro kanggo madegake Desa Surowiti ditampa becik marang masyarakat. Saliyane kuwi uga amarga dheweke wis mertobat nglakoni kabecikan nalika nglakoni urip sabendinane. Ing prastawa kasebut Mbah Suro sarujuk karo parentah amarga rumangsa yen dheweke wis akeh tumindhak ala. Saliyane iku uga minangka kasempatan nalika mertobat marang Gusti Allah.

Tradhisi Grebeg Tumpeng Sewu

Legendha Gunung Surowiti minangka Petilasan Sunan Kalijaga ing Desa Surowiti Kecamatan Panceng Kabupaten Gresik kang nuwuhake tradhisi sing diarani *Grebeg Tumpeng Sewu*. Grebeg kasebut dilakoni saben taun. Biasane ditindakake ing Dina Kemis pungkasan sadhurunge mlebu Sasi Suro. Masyarakat Desa Surowiti nganakake tradhisi miturut apa sing wis dilakoni Sunan Kalijaga. Tradhisi iki dilakoni kanthi turun-temurun wiwit biyen nganthi saiki. Saliyane minangka tradhisi kang dianakake Sunan Kalijaga, uga minangka wujud kapitayan sing bisa nambah rasa aman kanggo masyarakat sakiwa tengene.

Grebeg Tumpeng Sewu dilakoni Dina Kemis Kliwon, tanggal 27 Oktober 2016 kanthi ngarak tumpeng sing cacahé sewu. Tumpeng kasebut nduwe telung tumpeng ageng yaiku tumpeng sega putih, tumpeng pala pendhem, lan tumpeng pala gumantung. Katelu tumpeng ageng lan sewu tumpeng cilik kasebut diarak nganthi pasebahan setinggi utawa makam Sunan Kalijaga. Cacahé tumpeng cilik kasebut amarga minangka sewu wujud dedunga saka masyarakat Desa Surowiti marang para leluhur supaya antuk kasantosan lan kaberkahan. Grebeg Surowiti yaiku ritual taunan kanggo ngeling Sunan Kalijaga lan Ruwatan Desa Surowiti sing dileksanani wiwit biyen. Ana rong budaya sing dilakoni sajrone *Grebeg Tumpeng Sewu* yaiku Haul Sunan Kalijaga lan Dekahan minangka Ruwatan Desa. Tradhisi iki dilakoni kanggo nguri-uri budaya lokal Surowiti uga ngormati ajaran budaya tutur leluhur. Babagan dina dianakake tradhisi kasebut nduweni teges kanggo masyarakat sakiwa tengene.

Ubarampe Melekan.

Melekan ditindakake masyarakat Desa Surowiti sadurunge *Grebeg Tumpeng Sewu* dianakake. Melekan iki biasane ditindakake karo para pamong desa, tokoh agama, lan para wong lanang utawa pemuda Desa Surowiti. Ing acara melekan iki mesthi mbutuhake mangan lan ngombe. Mangan kasebut awujud sega lan lawuh sing arupa daging pitik lan daging wedhus.

Saliyane mangan kanggo melekan uga mbutuhake kopi supaya melekan kasebut bisa nganthi esuk. Ngenani makna sing kinandhut ing ubarampe melekan bakal diandharake ing ngisor iki:

1). Pitik Putih

Ubarampe sajrone tradhisi yaiku salah sijine pitik putih. Sedina sadurunge dianakake tradhisi, masyarakat mbeli pitik putih. Mbeli pitik putih iki uga ditindakake dening pawongan kang nduweni pangaruh marang tradhisi, kaya dene juru kunci utawa pemangku adat. Kapitayan kasebut wis manceb sajrone pangrasane, amarga juru kunci lan pemangku adat nduweni jejibahan kanggo njaga amanah. Pitik putih minangka syarat kanggo sucine niat kang diduweni sajrone nindakake *Grebeg Tumpeng Sewu*. Pitik kang dibeli kasebut cacahé namung siji. Tujuwane yaiku kanggo syarat supaya acara kang arep ditindakake bisa lancar lan tumata.

2) Wedhus

Wedhus minangka salah siji ubarampe melekan utawa tirakatan kang ditindhakake sadurunge *Grebeg Tumpeng Sewu*. Wedhus kang dianggo ora nduweni jinis tartamtu, amarga ora ana gayutane marang tradhisi. Teges saka mbeli wedhus kasebut kanggo pawongan kang nduweni hajad nalika ngalab berkah ing Gunung Surowiti. Wedhus kang dibeli dimasak banjur digawe mangan bareng wayah bengi nganthi isuk. Nyembelih wedhus iki wujud rasa syukur marang gusti pangeran amarga wis dilancarake lan kasil olehe dedunga lan usaha lewat perantara ngalab berkah ing Gunung Surowiti. Mbeli wedhus ateges kurban saka pawongan sing wis kasil utawa ngetokake harta kotor manungsa. Agama Islam ngajarake saben pawongan kudu ngetokake harta kang dudu dadi bagiyané.

3) Wedang Kopi

Wedang kopi minangka ubarambe sajrone melekan ing malem kemis kliwon sadhurunge acara *Grebeg Tumpeng Sewu* ditindhakake. Wedang kopi minangka unjukan sing wigati kanggo para priya, amarga wedang kopi iki bisa ndadekake kuat nalika suwengi ora turu. Wedang kopi iki dadi syarat sing wajib nalika nindakake melekan supaya bisa lancar anggoné tirakatan. Masyarakat Desa Surowiti nindakake melekan supaya sesuke bisa lancar sajrone nindhakake tradhisi. Saliyane iku uga kanggo ngraketake karukunan warga masyarakat Desa Surowiti sajrone nyengkuyung budaya warisan tutur leluhur.

Ubarampe Nyekar

Nyekar minangka samubarang sing wigati kanggo lumakune *Grebeg Tumpeng Sewu*. Nyekar ditindakake sedina sadhurunge adicara tradhisi ing makam-makam sing umum. Saliyane iku kanggo makam sing mligi kaya dene makam para leluhur ditindakake wayah isuk nalika arep miwiti adicara tradhisi. Kahanan kasebut amarga makam para leluhur namung dibuka ing dina Senin lan Kemis minangka dina becik. Sajrone nyekar iki mbutuhake ubarampe kembang kenanga minangka gawan nalika dedonga. Saliyane kembang kenanga kanggo gawan ana kembang layon sing digawa nalika bali saka nyekar. Kembang layon iki asale saka kembang kenanga

sing wis garing. Biasane kembang layon iki dijupuk dening para warga nalika bali saka nyekar. Masyarakat ngugemi kapitayan nalika nyekar kudu nggawa kembang kenanga lan bali nggawa kembang layon. Kembang layon dijupuk minangka berkah saka nyekar. Adhedhasar kapitayan kasebut nduweni gandheng ceneng yen nandhur bakal ngundhuh.

1) Kembang Kenanga

Kembang kenanga minangka ubarampe sing wigati sajrone nyekar ing makam para leluhur. Masyarakat Desa Surowiti ngugemi kapitayan yen sowan ing makam kudu nggawa kembang kenanga. Kembang kenanga nduweni teges kenangen ing angga. Tembung kenangen ing angga iki ngandhut teges supaya masyarakat sing sowan ing makam eling marang para leluhur. Kembang kenanga iki nduweni pangaribawa kanggo para paziarah sing nyekar ing makam para leluhur. Masyarakat sing nyekar ing makam para leluhur diwatesi dina yaiku mung dina senin lan kemis. Dina kasebut minangka asil reriptane leluhur yaiku Sunan Kalijaga yen dina senin lan kemis minangka dina becik kanggo nindakake samubarang

2) Kembang Kanthil

Saliyane kembang kenanga, ubarampe nyekar uga nggunakake kembang kanthil. Kembang kenanga lan kanthil kasebut minangka kembang kang wajib digawa nalika nindhakake nyekar. Dene saliyané kembang kasebut uga ana kang nggawa kembang tambahan supaya akeh lan wangi. Kembang kanthil nduweni teges tansah kumantil. Rasa kinasih kang jeru lan ora bisa pedhot marang para leluhur. hakekate manungsa urip kudu menehi lan nampa kinasih marang sapadha. Prakara kasebut digayutake marang para leluhur kang agung. Para leluhur nurunake piwulang kang migunani lan menehi pangaribawa marang kasantosan masyarakat sakiwa tengene. Kanggo ngormati para leluhur kang wafat, masyarakat nggunakake kembang kanthi sajrone ubarampe nyekar. Kembang kang nduweni teges tansah kumantil minangka wujud matur nuwun marang warisan elmu, harta benda, lan lingkungan alam sekitar kang tentrem.

Ubarampe Tradhisi

Sajrone ubarampe *Grebeg Tumpeng Sewu* iki yaiku tumpeng. Tumpeng minangka ubarampe sing digawa dening masyarakat kanggo diarak ing Desa Surowiti tumuju ing pasebahan setinggil. Tumpeng-tumpeng kasebut awujud tumpeng sego putih, tumpeng pala pendhem, tumpeng pala gumantung lan tumpeng cilik. Ngenani makna sing kinandhut sajorne ubarampe tradhisi bakal dijlentrehake ing ngisor iki:

1). Tumpeng Segu Putih.

Tumpeng sego putih minangka salah sawijining tumpeng ageng kang nduweni simbol pakurmatan. Tumpeng kasebut minangka tumpeng sing wigati sajorne *Grebeg Tumpeng Sewu*. Tumpeng ageng iki nduweni teges gunung minangka papan para leluhur yaiku Sunan Kalijaga lan para leluhur sing mbabat Desa Surowiti. Piguna saka tumpeng sego putih iki yaiku hajad masyarakat nalika nindakake tradhisi. Kamangka tumpeng kasebut nduweni filosofi minangka Gunung

Surowiti. Tumpeng sego putih dadi punjere sewu tumpeng sing diarak para masyarakat. Wernane sego sing putih nduweni teges Suci. Adhedhasar andharan kasebut tumpeng ageng saka sego putih iki nduweni teges Gunung Surowiti sing suci lan dikramatake dening masyarakat.

2). Tumpeng Pala Pendhem

Tumpeng pala pendhem uga dadi salah siji ubarampe ing *Grebeg Tumpeng Sewu* kang nduweni simbol pangarepan. Tumpeng pala pendhem kasebut salah siji bageyan saka tumpeng ageng. Pala pendhem asale saka asil bumi Desa Surowiti. Jinis pala pendhem sing digawe yaiku telo, pohong, mbote, uwi, lan kacang. Jinis pala pendhem sing digawe sajrone tradhisi iki kagolong jinis tetandhuran sing biasane ditandhur masyarakat Desa Surowiti. Kamangka anane acara tradhisi iki nggunakake tumpeng ageng saka pala pendhem sing ditandhur ing wilayah desa.

Masyarakat Desa Surowiti ngugemi kapitayan ngenani tradhisi kudu nggunakake tumpeng Pala pendhem. Makna kang kinandhut sajrone pala pendhem minangka babagan kang wigati. Pala pendhem minangka woh-wohan sing ana ing jero lemah, mulane nduweni teges rejeki asale saka lemah. Tumpeng pala pendhem nduweni piguna yaiku minangka wujud rasa syukur lan dedunga supaya tanah Desa Surowiti tansah subur lan makmur. Masyarakat percaya yen tumpeng pala pendhem iki bisa ndadekake rejeki masyarakat Desa Surowiti tansah subur saengga bisa ngasilake panen sing akeh. Pala pendhem minangka woh kang tuwuh sangisore lemah lan ora bisa dideleng. Adhedhasar kasebut pala pendhem ngandhut filosofi yen sakabehane takdir iku ora bisa dideleng. Mula saka kuwi manungsa mung bisa dedunga marang Gusti Allah supaya tanah Desa Surowiti tansah subur lan makmur.

3). Tumpeng Pala Gumantung

Grebeg Tumpeng Sewu nduweni telung tumpeng ageng. Salah sijine yaiku tumpeng pala gumantung kang nduweni simbol kaberkahan. Pala gumantung iki saka woh-wohan sing gumantung utawa sing ana ing saduwure tetandhuran. Tumpeng pala gumantung minangka ubarampe wing wigati sajrone Tradhisi Grebeg Tumpeng Sewu. Pala gumantung iki saka asil bumi Desa Surowiti. Anane tumpeng iki minangka wujud dedonga lan rasa syukur marang Gusti Allah amarga asil bumi Desa Surowiti.

Masyarakat Desa Surowiti percaya yen pala gumantung wujud dedonga supaya rejekine nduweni sipat kaya pala gumantung. Woh-wohan saka pala gumantung bisa dideleng lan gampang dijukuk. Kamangka masyarakat nggunakake ubarampe pala gumantung supaya rejeki masyarakat Desa Surowiti gampang lan lancar. Tumpeng pala gumantung iki diarak saka ngisor gunung nganthi pasebahan setinggil utawa pendhopo makam Sunan Kalijaga. Tumpeng pala gumantung iki didongani banjur digawe rebutan para masyarakat Desa Surowiti.

4). Tumpeng Cilik.

Tumpeng minangka syarat nalika ditindhakake adicara *Grebeg Tumpeng Sewu*. Tradhisi kasebut saliyané nduwe ubarampe tumpeng sego putih, tumpeng pala

pendhem, lan tumpeng pala Gumantung, uga ana ubarampe tumpeng cilik. Tumpeng-tumpeng cilik sing cacah sewu iki nduweni makna tumapaking urip iku kudu tumindhak sing mumpeng ing pangeran. Makna saka tumpeng kasebut dipercaya masyarakat yen manungsa urip iku kudu mumpeng nalika nduweni karep lan ora lali dedonga marang Gusti Allah. Piguna tumpeng cilik kasebut kanggo nyengkuyung sewu dunga kang ditujokake marang para leluhur Desa Surowiti. Saliyane iku uga minangka bagiyane saka iringan kanggo ngarak tumpeng tumuju Pasebahan setinggal.

Sewu tumpeng cilik iki asale saka saben anggota kulawarga utawa KK masyarakat Desa Surowiti. Saben anggota kulawarga nduweni jejibahan kanggo nggawa pitung tumpeng. Cacah pitu iki nduweni makna supaya antuk pitulungan saka Gusti Allah. Ora ana watesan utawa pambeda kanggo masyarakat sing ora duwe lan sing duwe. Nanging ana saperangan kulawarga sing gawa tumpeng luwih saka pitu kaya dene para pamong desa. Sakabehane masyarakat padha gawa tumpeng kanggo berkahe kulawargane. Tumpeng-tumpeng sing digawa karo para masyarakat Desa Surowiti minangka wujud pengarepan supaya sawise nggawa tumpeng iki rejekine padha nggunung kaya wujud tumpeng.

Tata Rakit Grebeg Tumpeng Sewu

Tata rakit iki babagan sing wigati nalika nindhakake adicara tradhisi. Tata rakit kasebut kanggo ngatur lumakune sawijining tradhisi supaya bisa runtut lan gumathok. Sawijining tradhisi iku minangka adicara kang sakral sing ora bisa ditinggalake saben tata rakite. Prakara kasebut amarga tata rakit nduweni gegayutan antara siji lan liyane. Tata rakit uga kudu tumata kanthi runtut, amarga ngandhut urutan dedonga kang ditujokake marang para leluhur. Masyarakat Desa Surowiti nganakake *Grebeg Tumpeng Sewu* kanthi tujuan dedonga marang Gusti Allah supaya adoh saka bebaya. Tradhisi kasebut wigati banget kanggo ditindakake saben taun. Semono uga tata rakit sing ora bisa ditinggalake dening masyarakat. Tata rakit *Grebeg Tumpeng Sewu* nduweni makna lan tujuan tartamtu. Kamangka tata rakite kudu runtut lan tumata. Sajrone adicara *Grebeg Tumpeng Sewu*, tata rakite diperang dadi enem.

1. Ziarah ing Pring Silir

Ziarah Pring Silir ditindakake rong dina sadurunge adicara *Grebeg Tumpeng Sewu*. Ziarah kasebut dianakake para sentono utawa pejabat desa ing pendhopo Pring Silir Desa Surowiti. Kagiyanan iki minangka sowan ing papan panggonan sing sepuh utawa papan panggonan sing kramat. Pring silir minangka papan panggonane Sunan Kalijaga nalika njaga tongkat pring Sunan Bonang. Pring Silir dikeramatake dening masyarakat Desa Surowiti minangka wujud papan tandha kapatuhan lan katagesan Sunan Kalijaga sajrone njaga amanah. Kanthi owahe jaman ora ndadekake masyarakat lali marang jejibahane nerusake lan nguri-nguri pakulinan wiwit biyen. wektu sadurunge dianakake adicara tradhisi para sentono utawa pamong desa nindhakake ziarah papan Pring Silir. Ziarah kasebut minangka tandha kapatuhan lan katagesan para pejabat desa kanggo

nganakake tradhisi lan mimpin masyarakat Desa Surowiti.

2. Ziarah Makam

Ziarah makam iki dilakoni sadurunge adicara *Tradhisi Grebeg Tumpeng Sewu* ditindakake. Ziarah makam ditindakake dening para ulama lan wakil saka saben kulawarga masyarakat Desa Surowiti. Ziarah makam iki dipunjerake ing makam-makam sing nduwe gegayutan marang Legendha Gunung Surowiti, kaya dene makam Sunan Kalijaga, Empu Supo, Raden Bagus Mataram, lan leluhur Desa Surowiti. Ziarah makam dilakoni supaya antuk ridho lan berkah supaya adicara lancar lan ora ana alangan nganthi adicara tradhisi rampung. Saliyane iku uga minangka dedonga kanggo para leluhur desa.

3. Siram Ageng

Siram Ageng dilakoni sadurunge adicara *Grebeg Tumpeng Sewu*. Masyarakat Desa Surowiti nindhakake Siram ageng iki kanthi cara nggawa tumpeng ageng ing Kali Buntung sing ana ing Pendhopo Pring Silir. Siram Ageng iki minangka wujud miwiti tradhisi kanthi cara nggawa telung tumpeng ageng ing Pring silir. Tumpeng ageng kasebut kasusun saka tumpeng sego putih, tumpeng pala pendhem, lan tumpeng pala gumantung. Saben tumpeng ageng nduweni teges tartamtu kanggo masyarakat Desa Surowiti. Katelu tumpeng ageng kasebut digawa tumuju Kali Buntung sing ana ing Pendhopo Pring Silir. Siram ageng minangka wujud pakurmatan marang Sunan Kalijaga. Miturut masyarakat papan panggonan sing ana ing Pring Silir minangka papan owahe jeneng Raden Mas Sahid dadi Sunan Kalijaga. Adhedhasar iku siram ageng dilakoni ing Kali Buntung sing ana ing Pring Silir. Sadurunge digawa ing pasebahan setinggal tumpeng kasebut digawa kanggo siram ageng ing Pring silir.

4. Ngarak Tumpeng

Ngarak tumpeng minangka adicara inti sajrone *Grebeg Tumpeng Sewu*. Tradhisi Grebeg Tumpeng Sewu dianakake ing dina Kemis Kliwon tanggal 27 Oktober 2016. Sadurunge tumpeng diarak para masyarakat maca Solawat Nabi kanggo miwiti arak-arakan. Tumpeng kang diarak yaiku telung tumpeng ageng lan sewu tumpeng cilik. Ngarak tumpeng kasebut nduweni tata urutan yaiku ing ngarep dhewe tumpeng sego putih, kaloro tumpeng pala gumantung, katelu tumpeng pala pendhem, lan kapapat yaiku sewu tumpeng cilik sing digawa para masyarakat Desa Surowiti. Tumpeng kasebut diarak saka lapangan tumuju ing Pasebahan Setinggal utawa makam Sunan Kalijaga. Arak-arak tumpeng iki ditindhakake dening masyarakat kanthi nggawa tumpeng cilik sing cacah sewu. Tumpeng cilik iki kasusun saka tumpeng sego putih kanti lelawuhan urap-urap lan saanane. Sajrone Tradhisi kasebut ora mung nduweni panyengkuyung masyarakat Desa Surowiti wae nanging uga masyarakat manca. Tumpeng-tumpeng sing digawa tumuju ing Pasebahan Setinggal kasebut didongani kanthi tujuan antuk berkah.

5. Sawur Tumpeng

Tata rakit sabanjure yaiku Sawur Tumpeng. Sawur tumpeng kasebut minangka tata rakit tradhisi sig wigati, amarga sawur tumpeng iki nduweni teges njupuk berkah.

Sawur tumpeng iki dilakoni sawise tumpeng didongani ing Pasebahan Setinggal. Tumpeng kang didongani sajrone pendhopo yaiku telung tumpeng ageng. Dene tumpeng cilik kang digawa masyarakat ana ing sanjabane pendhopo. Tujuwan saka sawur tumpeng kasebut yaiku kanggo nyawurake berkah marang masyarakat sawise nggayuh kasusahan mikul tumpeng tumuju Pasebahan Setinggal. Tata rakit kasebut nduweni piguna kanggo nggulawentah masyarakat yen bakal ana walesan nailka nindhake kabecikan. Dedunga kang dilakoni yaiku tahlil, yasin, lan dedunga kang mligi sing diwaca bareng. Sajrone dedunga kasebut saben warga nduweni hak kanggo dedunga kanggo kekarepane dhewe. nalika ditindakake dedunga kasebut nduweni teges sewu dedunga kang dibarengi sewu kekarepan saka masyarakat.

6. Maca Babad Surowiti

Maca Babad Surowiti ditindakake sawise adicara sawur tumpeng dilakoni. Ngaji Babad Surowiti minangka ngaji kitab paninggalan Sunan Kalijaga sing ana ing Desa Surowiti. Babad Surowiti nyatakake ngenani Desa Surowiti lan tapak tilas Sunan Kalijaga. Ngaji Babad kasebut ditindhakake minangka wujud pakurmatan lan ngeling Sunan Kalijaga. Adicara iki nduweni tujuwan supaya diweruhi sakabehe masyarakat dewasa lan bocah ngenani crita Babad Surowiti. Saliyane iku ngaji babad Surowiti uga nduweni tujuwan supaya wong sing keprungu bisa nuladhani piwulang sing diajarake Sunan Kalijaga.

Fungsi Tradhisi Grebeg Tumpeng Sewu

Gegayutan tradhisi marang legendha Gunung Surowiti minangka petilasan Sunan Kalijaga iki nduweni piguna tumrap uripe manungsa. Kanggo ngonceki fungsi sajrone *Grebeg Tumpeng Sewu* bakal diandharake nganggo teori saka Bascom lan Alan Dundes kang ngandharake ngenani fungsi folklor kuwi, yaiku: 1) minangka sistem proyeksi, yaiku kaca pangilone angengan saka kolektif, 2) minangka sarana pangesahe budaya, 3) minangka sarana pendhidhikan, lan 4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi paugerane bebrayan, supaya tansah diugemi lan ditindakake. Saliyane panemu fungsi saka Bascom lan Alan Dundes, panliten iki nduweni fungsi liya minangka panemu saka panliti dhewe kanggo pangembangan. Fungsi kasebut yaiku 5) minangka sarana hiburan, 6) minangka sarana religi, 7) sarana shodakoh, 8) nuwuhake paseduluran, 9) nuwuhake rasa tanggung jawab, 10) sarana piguna ekonomi, 11) minangka promosi budaya.

1. Minangka Sistem Proyeksi

Grebeg Tumpeng Sewu menehi pangangen-angen tumrap masyarakat panyengkuyunge. Anane tradhisi lan carita legendha kasebut menehi pangarep-arep marang masyarakat supaya masyarakat antuk berkah lan adoh saka bebaya. Akeh fungsi kang kinandhut sajrone tradhisi kasebut salah sawijine yaiku wujud syukur marang Gusti Allah amarga wis paring kaberkahan lan kasantosan. *Grebeg Tumpeng Sewu* menehi pangangen-angen masyarakat panyengkuyunge. Mulane tradhisi iki nduweni fungsi minangka sistem proyeksi.

Wujud syukur kang ditindhakake masyarakat Desa Surowiti marang para leluhur kanthi cara nganakake tradhisi. Tradhisi kasebut minangka wujud rasa syukur lan matur nuwun marang para leluhur. Sajrone adicara tradhisi ditindakake kanthi sakral lan tumemen. Anane para leluhur wis ndadekake masyarakat tentrem, aman lan adoh saka bebaya lan penyakit. Mulane rasa syukur iki saben taun ditindhakake kanggo matur nuwun lan wujud dedunga supaya tetep antuk berkah.

2. Minangka Sarana Pangesahan Budaya

Sejatine manungsa urip ing alam donya nduweni kekarepan supaya bisa urip tentrem lan kacukupan. Mulane akeh banget cara kang ditindakake kanggo nyuwun supaya bisa diwenahi kasantosan, kslametan, lan kacukupan dening Gusti Allah. Maneka warnane cara kasebut banjur tuwuh adicara- adicara kang dianggep bisa menehi pangarepan kang dipenginake dening masyarakat. Tuwuhe tradhisi kasebut banjur disahake minangka kabudayan. Kabudayan kasebut biasane wis tuwuh wiwit biyen, mulane diugemi lan dipercaya nganti saiki. Pakulinan kasebut diarani budaya kang wis dadi tutur para leluhur. Budaya tutur leluhur minangka budaya kang wis dilakoni para leluhur banjur saiki ditindhakake dening masyarakat. Budaya tutur kasebut diwasikase langsung kanthi nasehat becik marang masyarakat. Nasehat kasebut ngandhut babagan ilmu sing migunani lan minangka samubarang sing kudu dilakoni. Kanggo nguri-nguri nasehat kasebut masyarakat nganakake budaya supaya ora kagiles jaman. *Grebeg Tumpeng Sewu* iki minangka budaya tutur leluhur sing kudu dilakoni dening masyarakat. Tradhisi kasebut kanggo nguri-uri budaya lokal lan minangka wujud pakurmatan marang para leluhur. Senajan kadadeyan iki wis biyen, nanging budaya iki menehi pangaribawa kanggo masyarakat lan tuwuh ing pangrasane masyarakat.

3. Sarana Pendhidhikan

Grebeg Tumpeng Sewu gayut marang legendha petilasan Sunan Kalijaga. Legendha sing ngrembaka menehi pangaribawa marang tradhisi sing ditindakake. Kamangka antarane tradhisi gayut marang legendha iki dadi sawijining kesatonan sing wutuh. Kahanan kasebut ndadekake akehe pangaribawa kang bisa nggulawentah masyarakat sakiwa tengene. Tradhisi kang ditindhakake menehi piwulang kang maneka warna kanggo masyarakat. Piwulang kasebut ana ing jroning nilai-nilai sing knandhut sajrone tradhisi lan legendha. Nilai-nilai kang bisa dijupuk sajrone *Grebeg Tumpeng Sewu* yaiku nilai pendhidhikan.

4. Minangka Kendali Sosial

Petilasan Sunan Kalijaga ing Desa Surowiti Kecamatan Panceng Kabupaten Gresik iki dianggep bener-bener kadadeyan ing jaman biyen. petilasan kasebut banjur menehi pangaribawa kanggo dianakake *Grebeg Tumpeng Sewu*. Tradhisi kasebut minangka rasa matur nuwun lan rasa syukur marang para leluhur kang wis menehi kasantosan kanggo masyarakat. Masyarakat percaya kanthi cara tradhisi iki jejibahan minangka masyarakat bisa kawujud. Masyarakat uga ngugemi yen bakal ana sebab lan akibat nalika ditindakake adicara kasebut. Tujuane yaiku kanggo nambah rasa aman lan nuwuhake rejeki kang berkah. Dedunga marang para

leluhur dianggep panyalur dedunga marang Gusti Allah. Saliyane iku dedunga kang ditujokake marang para leluhur bakale antuk kasantosan. Kahanan kasebut wis tuwuh lan dadi norma sajrone pangrasane masyarakat. Semono uga bisa nekakake rejeki sing akeh kanggo desa kasebut.

5. Minangka Sarana Hiburan.

Fungsi hiburan sajrone tradhisi yaiku panglipur sajrone adicara tradhisi. Tradhisi Grebeg Tumpeng Sewu minangka tradhisi kang sakral, amarga sajrone uga ngadhut Haul Sunan Kalijaga lan Ruwatan Desa. Samubarang kang ditindakake nduweni piguna tartamtu. Piguna kasebut kaya dene minangka sarana hiburan kanggo masyarakat. Hiburan kang dimaksud sajrone tradhisi iki kaya dene maca babad Surowiti lan rebutan tumpeng.

Grebeg Tumprng sewu nganakake adicara kanthi urutan kang baku. Sajrone urutan urutan iku nduweni piguna hiburan kanggo masyarakat kag nyengkuyung. Ngaji babad lan rebutan tumpeng minangka adicara kang paling dienteni masyarakat. Sajrone ngaji babad Surowit, masyarakat bakal antuk piwulang saka crita kang diwaca. Piwulang kasebut ngandhut nilai nilai moral, nilai sosial kang becik. Dene, rebutan tumpeng minangka adicara kang bisa dadi panglipur lan bungahe masyarakat. Masyarakat kang antuk pala gumantung saka tumpeng ageng percaya bakal begja.

6. Sarana Religi

Agama minangka pedomaning manungsa kanggo nggayuh panguripan. Kamangka agama bisa nuduhake pawongan sajrone tumindhak ala lan becik. Masyarakat Desa Surowiti nduweni agama Islam. Agama kasebut ditindhakake saprelu kanggo nggayuh kasempuraning urip. Babagan agama ing desa kasebut minangka babagan kang wigati, amarga desa dadi tapak tilase Sunan Kalijaga sajrone nyebarake agama Islam. Masyarakat nduweni Masjid Tiban lan mushola kanggo ngibadah marang Gusti Allah.

Ibadah yaiku lelakone manungsa kanthi cara langsung nggambarake sikap sajrone nindhakake akidah-akidah agama. Masyarakat Desa Surowiti nengenake babagan ibadah maanng Gusti Allah. Samubarang kang gegayutan karo *Grebeg Tumpeng Sewu* nggunakake tahlil, yasin, lan sholawat nabi. Samubarang apa wae sing ditindhakake sajrone tradhisi iki lumaku bareng karo lafadz Al-Qur'an. Kahanan kasebut nuduhake yen tradhisi kasebut nduweni piguna agama sing ana sajrone.

7. Piguna Shodakoh

Grebeg kang ditindakake ing Gunung Surowiti kasebut nuduhake yen tradhisi nggunakake sewu tumpeng cilik kang diarak. Cacahe tumpeng kasebut luwih akeh tinimbang kaluwarga kang ana ing Desa Surowiti. Kahanan kasebut ndadekake akehe tumpeng kang kasisa wektu adicara tradhisi. Supaya tumpeng-tumpeng kasebut ora kabuwang muspra, masyarakat mbagi tumpeng kanggo tamu lan masyarakat manca desa kang melu ngramekake tradhisi. Senajan wis dibagekake nanging isih nyisa akeh lan digawa mulih para masyarakat.

8. Nuwuhake Paseduluran

Manungsa urip mbutuhake manungsa liya kanggo njangkapi kabutuhane. Wis dadi kodrate manungsa urip ing alam donya iku urip bebarengan marang liyan. Urip bebarengan ing masyarakat kudu padha sawung lan rukun. Kahanan kasebut ndadekake paseduluran tuwuh kanti raket lan becik. Yen rasa pasaduluran cinipta kanthi becik, bakal nuwuhake rasa sayuk sajrone urip bebarengan. Rasa paseduluran iki tuwuh sajrone pangrasane manungsa kanggo nengenake rasa tresna karukunan lan adoh saka pepadon.

9. Nuwuhake Rasa Tanggung Jawab

Rasa tanggung jawab sajrone tradhisi iki minangka babagan kang paling wigati kanggo masyarakat. Masyarakat nduweni jejibahan kanggo nindhakake *Grebeg Tumpeng Sewu* saben taun. Tanggung jawab iki minangka sabubarang kang wajib dilakoni kanggo njangkapi kabutuhan budaya kang wis ngiket pangrasane masyarakat Desa Surowiti. Tradhisi kasebut dadi jejibahan amarga gayut marang petilasan Sunan Kalijaga, lan minangka Ruwatan Desa.

10. Piguna Ekonomi

Anane *Grebeg Tumpeng Sewu* iki nduweni piguna kanggo ngundhakake ekonomi masyarakat utawa masyarakat manca. Kahanan kasebut bisa didudut yen tradhisi iki menehi paedah kanggo masyarakat. Ngundhakake ekonomi iki yaiku usaha kanggo mikolehi dhuwit kanthi cara dodolan jajan utawa nyambut gawe. Babagan kasebut gayut marang akehe masyarakat kang dodolan ing pinggir dalan lan ider jajan.

10. Piguna Ekonomi

Anane *Grebeg Tumpeng Sewu* iki nduweni piguna kanggo ngundhakake ekonomi masyarakat utawa masyarakat manca. Kahanan kasebut bisa didudut yen tradhisi iki menehi paedah kanggo masyarakat. Ngundhakake ekonomi iki yaiku usaha kanggo mikolehi dhuwit kanthi cara dodolan jajan utawa nyambut gawe. Babagan kasebut gayut marang akehe masyarakat kang dodolan ing pinggir dalan lan ider jajan.

11. Promosi Budaya

Promosi budaya minangka cara kanggo ngenalake lan nunjukake yen tradhisi sing dianakake minangka idhentitas dhaerah. *Grebeg Tumpeng Sewu* iki ditindakake kanggo promosi budaya kanthi tujuan supaya ngrembaka lan dikenal masyarakat manca. Sajrone tradhisi kasebut nduweni piguna kanggo promosi yen Desa Surowiti minangka salah siji papan wisata religi kang kudu ditekani. Desa Surowiti minangka petilasan Sunan Kalijaga. Sajrone desa kasebut nduwe paninggalan arupa situs makam sing dipercaya makam Sunan Kalijaga lan paninggalan liyane kaya dene babad Surowiti. Saliyane iku uga ana situs makam kang bisa kanggo ngalab berkah yaiku makam Empu Supo lan Raden Bagus Mataram. Kamangka anane tradhisi kasebut minangka promosi wisata religi ing Desa Surowiti.

Dudutan

Grebeg Tumpeng Sewu yaiku salah sawijining tradhisi kang tuwuh sajrone legendha Petilasan Sunan Kalijaga ing Gunung Surowiti. Tradhisi kasebut ditindakake setaun pisan ing dina Kamis pungkasan sadurunge mlebu Sasi Suro. Sajrone tradhisi kasebut uga

dianakake Haul Sunan Kalijaga lan Ruwatan Desa Surowiti. Tujuwane yaiku kanggo ngormati para leluhur lan minangka dedunga marang Gusti Allah. Pigunane kanggo nggulawentah masyarakat sakiwa tengenge supaya tetep ngugemi budaya kang dadi pitutur leluhure. *Grebeg Tumpeng Sewu* minangka tradhisi kang turun temurun wiwit biyen nganti saiki. Mulane anane tradhisi kasebut menehi pangaribawa tumrap masyarakat. Tradhisi kang gegayutan marang Petilasan Sunan Kalijaga kasebut menehi ilmu kang becik sajrone babagan agama Islam.

Pamaryoga

Panliten ngenani *Grebeg Tumpeng Sewu* mujudake panliten kang mbutuhake pamaryoga kanggo panliten sabanjure. Tradhisi kang tuwuh sajrone petilasan Sunan Kalijaga kasebut menehi pangaribawa kanggo masyarakat. Babagan kasebut bisa tumuju ing pangaribawa becik lan ala sajrone negesake tradhisi. Sakabehane gumantung pamikire saben pawongan. Nanging anane tradhisi iki dikarepake supaya ora ana warta kang ora bener ngenani papan petilasan Sunan Kalijaga. Tradhisi kasebut minangka dedunga lan ngormati Sunan Kalijaga. Pakulinan kang ditindakake wiwit biyen nganti saiki nuduhake yen masyarakat ngugemi budaya kanthi tumemen.

Grebeg Tumpeng Sewu kudu tetep diuri-uri supaya bisa lestari nganti anak putu sabanjure. Wis dadi jejibahan masyarakat sakiwa tengene kanggo nyengkuyung kanthi ora ngilangake salah sawijining babagan sajrone tradhisi. Panliti nduweni pangarep-arep kanthi anane panliten tradhisi iki supaya bisa miguani tumrap panliten tradhisi sabanjure. Amarga akehe maneka warna budaya ing sajrone masyarakat menehi kawigaten kanggo ditliti luwih jero. Kanthi majune jaman sing sarwa modern, diarepake supaya budaya lokal kang dadi idhentitas daerah ora bisa kagiles jaman. Kabudayan minangka idhentitas kang prelu dijaga lan minangka babagan kang wigati sajrone panguripan.

KAPUSTAKAN

Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: RinekaCipta.

Dananjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.

-----, James. 1986. *Folklor Indonesia Ilmu Gossip, Dongeng, dan lain-lain*. Jakarta: Pustaka Grafitipers.

Endraswara, Suwardi. 2006. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: UGM Press.

Herusatoto, Budiono. 1984. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Wdiya.

Hutomo. Suripan Sadi. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan Pengantar Studi Sastra Lisan*. Surabaya: Hiski Jawa Timur.

Kaplan, David & Maners, Albert. A. 2002. *Teori Budaya*. Terjemahan Landung Simatupang. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Koentjaraningrat, 1984. *Manusia Dan Kebudayaan Di Indonesia*: Jakarta: Djambatan.

-----, 1987. *Kebudayaan Melintas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia.

-----, 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: UI Prees

Mangunsuwito, SA. 2010. *Kamus Lengkap Bahasa Jawa*. Bandung: C.V Yrama Widya.

Maran, Raga Rafael. 2002. *Manusia dan Kebudayaan Dalam Prespektif Ilmu Budaya Dasar*. Jakarta: Rineka Cipta.

Maryaeni. 2005. *Metode Penelitian kebudayaan*. Jakarta. Jakarta: Bumi Aksara

Moloeng, Lexy J. 2002. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.

Poerwadarminta, W.J.S . 1939. *Kamus Bausastra Djawa*. Jakarta: Pangecapan J. B Wolters.

Pradopo, Rahmat Djoko. 2005. *Beberapa Teori Sastra, Metode, Kritik san Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pekajar.

Purwadi. 2009. *Filsafat Jawa: Ajaran Hidup yang Berdasarkan Nilai Kebijaksanaan*. Yogyakarta: Panji Pustaka

Sasangka, Sry Satriya Tjatur wisnu. 2005. *Kamus Jawa-Indonesia Krama-Ngoko*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.

Soedarsono. 1986. *Kesenian, Bahasa dan Folklor Jawa*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wacana.

Sugiyono. 2006. *Pengantar Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: CV. Alfabeta.

Sukarman. 2005. *Pengantar Kebudayaan Jawa (Antropologi Budaya)*. Surabaya: Unesa Prees

Sulaeman, M Munandar. 1998. *Ilmu Budaya Dasar Suatu Pengantar*. Bandung: Fefika Aditama.

Sutrisna, Mujid lan Purwanto, Hendar. 2005. *Teori-teori Kebudayaan*. Yogyakarta: Kanisius.

Teeuw, A. 1984. *Sastra Dan Ilmu Sastra, Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya

Tim ISBD UNESA. 2008. *Ilmu Sosial Budaya Dasar*. Surabaya: Unesa University Press.

Yana MH. 2001. *Falsafah dan Pandangan Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: Penerbit Kanisius.